



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 25 avril 2013

### **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SÈVIS SAN FIL RIVE NAN 30 STASYON SOBWE ANBA TÈ**

***Sèvis San Fil Disponib Jodi a a nan AT&T ak T-Mobile USA; Verizon ak Sprint nan Negosyasyon pou Rantre Nan Rezo ki Pèmèt Apèl Telefòn Selilè, Enfòmasyon, ak Mesaj Ijans***

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a gen 30 lòt stasyon sobwe ki genyen kounye a posiblite kominikasyon done pi pèmèt vwayajè nan sobwe New York City fè ak resevwa apèl telefòn selilè, voye epi resevwa mesaj tèks ak emel epi jwenn Wi-Fi anba tè. Otorite Metropolitan Transportation Authority (MTA) te reyini ak responsab Transit Wireless, AT&T, T-Mobile USA ak Boingo Wireless pou montre nouvo posiblite a nan stasyon ki gen plis aktivite nan City a, Times Square.

“Sa ale pi lwen pase bay sèvis selilè anba tè. Li mennen kliyan nou yo nan yon nouvo nivo sekirite –ak posiblite pou rele 911 nan ka ijans,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Kliyan konnen kounye a lè yo wè yon bagay, yo kapab di li kounye a lè yo itilize aparèy yo pou rele 911. Epi kounye a ak tout gwo operatè yo ki anbake yo, gwo majorite kliyan MTA yo pral gen posiblite pou yo fè l.”

Reprezantan Verizon ak Sprint te la tou pou anonse yo te toulède finalize kontra pou patisipe nan rezo a, sa ki vle di tout operatè enpòtan yo sipoze bay koneksyon telefòn selilè ak done bay kliyan yo nan stasyon anba tè nan de premye faz pwojè a.

36 stasyon yo ki anliy kounye a gen yon mwayèn vwayajè anyèl ki ozanviwon 7 milyon kliyan pou chak stasyon.

Pandan rezo a pèmèt koneksyon konplè telefòn selilè ak Wi-Fi, aktive fonksyon vwa ak done tankou apèl telefòn, mesaj tèks, emel, mizik ak transmisyon videyo ak plis ankò, tout anba tè, li pèmèt tou sèvis enpòtan ki amelyore sekirite. E911 pral pèmèt dispatyè konnen lè yon apèl ap fèt anba tè epi pozisyon apwoksimatif moun kap rele a. Anplwaye ak sekouris pral genyen yon amelyorasyon nan kapasite kominikasyon nan sityasyon ijans.

“MTA gen yon misyon klè pou l pote sistèm transpò kolektif nan 21yèm syèk la ak amelyorasyon nan anviwonman stasyon an atravè plizyè pwojè kominikasyon nouvel teknoloji pandan l ap ofri yon lòt nivo sekirite,” te di Direktè Egzekitif Enterimè a, Thomas F. Prendergast.

“Sistèm sobwe New York City se youn nan sistem ki gen sikilasyon pi entans nan monn lan epi kounye a vwayajè gen sèvis san fil,” te deklare William A. Bayne Jr., Direktè Egzekitif Transit Wireless. “Rezo sa pa nan avantaj vwayajè yo sèlman, men tou nan avantaj travayè nan city a ak sekouris yo, epi li pral kolòn vètebral pou teknoloji fiti ak amelyorasyon sekirite nan stasyon sobwe vil la.”

Transit Wireless ak operatè yo ap peye 100 pousan nan kou pwojè a, ozanviwon \$200 milyon, san bliye kou fòs NYC Transit yo kap founi sèvis siyalizasyon mobil, pwoteksyon ak lot sipò. MTA ak Transit Wireless separe egal ego revni kap soti nan frè okipasyon operatè san fil yo peye ak lòt soutretan rezo a. Transit Wireless ap peye MTA yon konpansasyon minimòm chak ane ki pral rive \$3,3 milyon yon fwa tout deplwaman rezo a fini.

Transit Wireless te tabli tou yon aranjman soutretans ak Boingo Wireless pou jere ak opere sèvis Wi-Fi – san bliye sipò sponso ak piblisite – pou rezo stasyon sobwe a. Aksò Wi-Fi gratis aktyèlman pou kliyan grasa yon sponso HTC One, epi yo ka monte sou li ak SSID: FreeWifibyHTCONE.

Men lis stasyon ki konekte kounye a (\* premye sis yo te deja nan premye deplwaman an):

*1	23 Street – 8 Ave. CE
*2	14 Street – 8 Ave. ACE
*3	14 Street – 7 Ave. 123
*4	14 Street – 6 Ave. FM
*5	14 Street – 8 Ave. L
*6	14 Street – 6 Ave. L
7	96 Street BC
8	86 Street BC
9	28 Street 1
10	18 Street 1
11	81 Street-Museum of Natural History BC
12	72 Street BC

13	79 Street 1
14	23 Street 1
15	96 Street 123
16	66 Street-Lincoln Center 1
17	72 Street 123
18	57 Street F
19	47-50 Streets-Rockefeller Center BDFM
20	57 Street – 7 Ave. NQR
21	28 Street NR
22	50 Street 1
23	50 Street CE
24	23 Street NR
25	49 Street NR
26	5 Ave.-53 Street EM
27	59 Street-Columbus Center 1
28	59 St-Columbus Center 1
29	7 Ave. BDE
30	Times Square-42 Street 123
31	Times Square-42 Street 123
32	Times Square-42 Street 7
33	Times Square-42 Street 7

Haitian Creole

34	Times Square-42 Street 7
35	5 Ave.-59 Street NR
36	86 Street 1

Transit Wireless sipoze founi sèvis pou rès 241 stasyon anba tè yo nan katran epi te deja kòmanse travay konsepsyon sou 40 stasyon nan santvil ak Queens san bliye stasyon prensipal Flushing-Main Street, Grand Central-42nd Street, ak 34th Street-Herald Square. 40 stasyon sa yo sipoze anliy nan premye twa mwa ane 2014 la.

Premye faz koneksyon telefòn selilè ak done ki fini jodi a se yon pati vital nan priyorite MTA pou l bay avantaj li pwomèt lontan sa bay 8,5 milyon kliyan li yo. Adopte teknoloji pou modènize sèvis pou kliyan vle di founi enfòmasyon an tan reyèl ak rann li pi fasil pou kliyan jwenn enfòmasyon sa yo. Depi lane 2010, kliyan te akeyi plizyè vèsyon enfòmasyon kap rive nan kontarebou/tan reyèl nan plis pase 200 stasyon. Orè bis, ki founi enfòmasyon pou swiv bis la an tan reyèl deja ap fonksyone epi yon rollout nan tout vil la pral fini nan prentan 2014.

Anplis, pwochen jenerasyon kliyan aparèy talk-back ap deplwaye nan plis pase 100 stasyon pandan pwogram investisman aktyèl la. Pòs Asistans Entèfòn (HPIs), aparèy kominikasyon ak de bouton an, pral mete vwayajè ankontak enstantane swa ak Sant Kontòl Tren an pou rapòte yon ijans, oubyen ak gichè stasyon an pou mande asistans pou kliyan. Ansanm ak koneksyon telefòn selilè, kliyan kounye a gen plis mwayen pou kontakte sekouris nan ka ijans.

### **Sèvis San Fil Anba Tè – Kijan li fonksyone**

Operatè san fil ki sou kontra ak Transit Wireless pou bay sèvis vva ak done pou kliyan ki nan stasyon sobwe anba tè New York City mete menm kote Stasyon Baz yo ak ekipman distribisyon Transit Wireless' Optical nan yon Transit Wireless Base Station Hotel ki se yon enstalasyon komèsyal solid, ki tolere fay epi ki gen èkondisyone ak kouran redondan.

Operatè san fil pote Stasyon Base pou tout bann operatè san fil ki lisansye FCC. Stasyon Baz sa yo konekte ak Enfèfas Radyo Transit Wireless ak Sistèm Distribisyon Optik nan Station Baz Hotel la. Siyal radyo konbine, konvèti an siyal optik epi distribiye sou kab fib optik Transit Wireless atravè konduit anba lari vil la rive nan stasyon sobwe kote kab optik yo konekte ak Fib Adistans miltibann.

Ne Fib Adistans sitiye sou chak platfòm, mezanin ak divès pwen ki sou wout aksè piblik. Kab Koaksyal konekte nan chak Ne Fib Adistans epi voye siyal nan anten ki sitiye kote stratejik nan chak stasyon sobwe. Ak metod sa, siyal radyo ba nivo disitribye yon fason egal pou bay kouvèti san entèripsyon depi stasyon anlè tè rive nan stasyon anba tè. Yon Sistèm Jesyon Rezo ap monitore sèvis la; detekte pwoblèm epi bay alèt pou teknisyen kapab dispatch si nesèsè.

Haitian Creole

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418